

**MEMORANDÒM AKÒ
ANT
KOMITE SKOLÈ BOSTON (BOSTON SCHOOL COMMITTEE)
AK
FEDERASYON AMERIKEN POU ANPLWAYE ETA, KANTON,
AK VIL, AFL-CIO, KONSÈY 93
AK LOKAL FILYAL 230
(THE AMERICAN FEDERATION OF STATE, COUNTY AND
MUNICIPAL EMPLOYEES, AFL-CIO, COUNCIL 93
AND AFFILIATE LOCAL 230)**

Apati lye septanm, 2020 jiska 31 out, 2023

Memorandòm Akò sa a (« Akò ») fèt jodi a, jou ___ oktòb novanm, 2022, ant Komite Skolè Vil Boston (« Komite a ») ak Federasyon Ameriken pou Anplwaye Federal, Eta, Kanton, ak Vil (the American Federation of State, County and Municipal Employees, AFL-CIO), Konsèy 93, ak Filyal Lokal 230 (ki enkli « AFSCME » « Union » (« Sendika ») oswa « Travayè Kafeterya »). Akò sa a kondisyonèl sou baz ratifikasyon apatenans nan sendika a, e li sijè a ratifikasyon apatenans nan sendika a, apwobasyon Komite a, ak apwopriasyon siplemantè ke Konsèy Lavil Vil Boston an fè.

Divès tèm ak pwovizyon negosyasyon kolektif pati yo ki te vin an vigè apati lye jiyè, 2017 jiska 30 jen, 2020 ap kontinye an fòs e an vigè apati lye jiyè 2020 jiska 30 jen, 2023, sof jan Akò a ta modifye sa. Sendika a va rekòmande e pousuiv ratifikasyon ak apwobasyon Akò a pa manm li yo :

A. Salè yo

Manm inite negosyasyon an ki anplwaye nan dat Memorandòm sa a :

Apati lye desanm, 2022, pou (ane skolè 2020-2021) (ane fiskal 2021), montan salè yo ap ogmante pa 2,0% Apati lye septanm, 2021 (ane skolè 2021-2022) (ane fiskal 2022) montan salè yo ap ogmante pa 1,5% 2,5% avèk yon peman inik ki dekri anba a (retwoaktifman, ki vle di : jiska yon dat pase)

Apati lye septanm, 2022, (ane skolè 2022-2023) (ane fiskal 2023) montan salè yo ap ogmante pa 2,0% 2,5

- Yon peman inik 1.000\$ anrapò a Covid-19 pou tout manm ki te anboche avan lye septanm, 2021 e ki te toujou anplwaye jiska ane skolè 2021-2022 a.

Peman retwoaktif (pa bak jiska yon dat pase) ap limite a anplwaye Lekòl Piblik Boston sila yo ki anplwaye nan dat kote Sendika a ratifye Akò sa a, e a anplwaye sila yo ki te separe ak Lekòl Piblik Boston volontèman pa mwayen demisyon oswa retrèt. Anplwaye sila yo nou te revoke oswa, ki te absan san konje avan ratifikasyon akò sa a, p ap elijib pou peman retwoaktif la.

ATIK 6

Inifòm ak Rad Pwotektif

Apati moman ke Konsèy Vil Boston bay finansman, n ap founi tout anplwaye k ap travay nan lekòl yo a tan pasyèl avèk senk (5) tabliye, senk (5) mayo, [ADD] twa (3) pantalon ak swa de (2) vizyèl oswa de (2) kepi. [ADD] Tout anplwaye a tan pasyèl ap met rad pwotektif, soulye ki kouvri zòtèy, ki kouvri talon, anba yo pa glise, ak inifòm okonplè lè y ap travay.

ATIK 10

Pòs Vid ak Transfè

Apati moman manm yo fè ratifikasyon an, tout pòs ouvè ap afiche e a dispozisyon ni kandida entèn, ni kandida ekstèn, pou yon minimòm de (2) semèn, jiskaske yo ranpli. Nou p ap konsidere yon kandida entèn pou yon pòs vid si li te fè demann pou pòs aktyèl li a, e nou te akòde l li, nan yon espas tan ki mwens ke douz (12) mwa apati lè djòb la te afiche a, *amwenske nouvo pòs la nan lokal aktyèl anplwaye a oswa l ta yon pwomosyon a yon pòs ki nan yon klasifikasyon djòb ki diferean ki peye plis kòb pa è.*

ATIK 11

Konje

Konje ki pa konje maladi pou anplwaye ki fè pati inite negosyasyon an :

Anplwaye Salarve (ki resevwa salè) : Peman Jou yo Delege eli a swa

Konvansyon AFL-CIO Eta a oswa a Konvansyon Nasyonal la, 5 Jou Pèsònèl yo p ap pèdi : anplwaye ki p ap pèdi 3 jou yo dwe fè demann jou pèsònèl yo omwen karantuit (48) èdtan davans. Tout jou pèsònèl yo sijè a apwobasyon sipèvizè dirèk la, ki li menm pa dwe refize apwobasyon an san pa gen yon bon rezon.

Nenpòt tan pèsònèl ki pa itilize ap konvèti an jou konje maladi pou ane skolè aprè a jiska uit (8) èdtan pa ane.

Chanjman :

Jou Fèt Relijye :

~~Rosh Hashanah and Yom Kippur 3 no loss~~

[ADD] N ap bay manm yo jiska de (2) jou san pèt peman, ni pèt konje pèsònèl, pou yo obsève divès jou fèt relijye. Anplwaye sila yo ki gen entansyon pran yon jou konje pou obsève yon fèt relijye ap avèti sipèvizè yo ak Biwo Ekite a epi idantifye jou fèt relijye a omwen 10 jou lekòl alavans.

ATIK 13

Jou Fèt Relijye ak Konje Vakans

Seksyon 1. Anplwaye ki travay pa lè, [ADD] n ap peye yo montan kotidyen nòmral yo osilontan yo arive konplete twa (3) mwa sèvis [ADD] pou Jou Fèt Relijye ki rive pandan ane skolè a (ant premye ak dènye jou lekòl yo) kote ke Lekòl Piblik Boston yo (BPS) fèmen, ak peryòd konje pandan ane skolè a kote ke Lekòl Piblik Boston yo fèmen (an jeneral nan mwa desanm, fevriye, ak avril). Jou Fèt Sila yo ke Distri a Obsève se sa suivan yo :

- ~~Jou fèt Kristòf Kolomb~~ Jou Fèt Moun Endijèn
- Vandredi Sen
- Jou Nwèl
- Jou Martin Luther King
- ~~Evacuation Day~~
- Konje Jou Remèsiman/Jou Aksyon de Gras (« Thanksgiving »)
- ~~Bunker Hill Day~~
- Jou pou Onore Veteran yo
- Jou Souvni (pou sonje sòlda ki te tonbe)
- Jou Nouvèl An/Nouvèl Ane/Nouvo Ane

AJOUTE : Fèt Juneteenth

Manm inite negosyasyon an ka anba obligasyon pou l travay Jou Bunker Hill ak/oswa Jou Evakyasyon. Si yon manm inite negosyasyon an, ki te yon manm 31 desanm, 2012, anba obligasyon pou l travay Jou Bunker Hill ak/oswa Jou Evakyasyon, l ap resevwa yon jou peye anplis. Yon manm inite negosyasyon ki pa t vin yon manm jou 31, desanm, 2012, oswa avan sa, e ki anba obligasyon pou l travay Jou Evakyasyon ak/oswa Jou Bunker Hill, p ap resevwa konpansasyon anplis.

Seksyon 2. [ADD] Anplwaye ki travay Pa è [ADD]anba obligasyon-pou yo travay pandan semèn ki vin avan Jou Fèt Travay la (« Labor Day ») selon montan kotidyen nòmral yo a.

Seksyon 3. [ADD] Anplwaye ki travay Pa è ~~at the Central Kitchen~~ ki travay selon yon kalandriye douz (12) mwa [ADD] ap resevwa peman tou, selon montan kotidyen pou jou fèt yo ki an vigè pandan ete a, lè ke biwo administratif Lekòl Piblik Boston yo fèmen. anplis de Jou Fèt sila yo ki mansyone anwo a, y ap resevwa tou :

- Jou Endepandans

- Jou Fèt Travay

AJOUTE

ATIK 17

Esepsyon pou pòs Sant Distribisyon Santral yo

Ajoute : Memorandòm Akò ki te egzekite jou 1ye jiyè, 2020, ant AFCME ak Lekòl Piblik Boston ap rete totalman an vigè e anfòs epi li p ap modifye pa pwovizyon sila yo ki nan seksyon sa a.

1. Pòs Travayè Sant Distribisyon Santral, Travayè Senyò Ekspedisyon ak Resepsyon, ak Lidè Zòn Tranzit (« Floor ») Sant Distribisyon yo, se pòs kalandriye 12 mwa yo ye, kote ke ane travay la dewoule apati 1ye septanm jiska 31 out. Pòs Senyò Ekspedisyon/Resepsyon yo ap chanje sot nan yon pozisyon 10 mwa pou devni yon pozisyon 12 mwa.
2. Pòs Travayè Sant Distribisyon an ap sot nan 1ye Klas pou al nan nivo 2yèm Klas. Pòs Ekspedisyon ak Resepsyon an ap sot nan 2yèm Klas pou al nan nivo 3yèm Klas. Pòs Lidè Zòn Tranzisyon Sant Distribisyon an ap yon pòs 3yèm Klas.
3. Pòs Travayè Distribisyon Santral, Travayè Ekspedisyon ak Resepsyon, ak Lidè Zòn Sant Distribisyon yo ap resevwa senk jou vakans ke yo dwe pran ant 25 jen e 25 out. Pou minimize enpak operasyon depo a, anplwaye yo dwe jwenn apwobasyon davans nan men Direktè Sèvis Nitrisyon ak Manje a, oswa nan men moun deziyen an, avan yo kapab pran jou vakans sila yo. Nou p ap transfere nan ane suivan an plis pase senk jou tan vakans ki pa t ilize. Epitou, pòs sa yo ap titre selon Konje Vakans ki dekri nan Atik 14 la, ki fè deklarasyon suivan an : *Anplwaye ki travay selon yon montan pa è ap resevwa vakans suivan yo selon montan kotidyen nòm la osilontan ke yo arive fini peryòd pwobwatwa yo :*

*Konje Ivè senk (5) jou
Konje Fevriye senk (5) jou
Konje Prentan senk (5) jou*

4. Travayè Sant Distribisyon yo ak Travayè Ekspedisyon ak Resepsyon yo ap anba obligasyon pou yo gen yon sètifika nan Afè Manye Manje (« Food Handlers Certificate »). Nou prefere yon kalifikasyon Sètifika Jesyonè Sekrite Manje pou toude pòs yo.
5. Lidè Zòn Tranzisyon Sant Distribisyon an (« Floor ») ap anba obligasyon pou l gen yon Sètifika nan Jesyon Sekirite Manje.

ATIK 25

Fòmasyon ak Sètifikasyon

Seksyon 2(a) : Sètifikasyon nan Sekirite Manje – Infwa ke Konsèy Vil la bay finansman, nenpòt anplwaye, ki kouvri anba akò sa a ki asiste yon fòmasyon sou sekirite manje ke Sèvis Manje ak Nitrisyon an otorize, e ki resevwa Sètifikasyon nan Sekirite Manje [ADD] pou Jesyonè, ap resevwa yon bous ~~One Twa San Dola (300\$)~~ (\$100) osilontan ke li mentni sètifikasyon sa a. Peman yo ap trete nan yon peryòd tan ki pa p depase trant (30) jou aprè soumisyon sètifika a bay Direktè Sèvis Manje ak Nitrisyon an oswa moun deziyen an.

Seksyon 2(b) : i. Tout Jesyonè Kafeterya, Asistan Jesyonè, Prepoze (Pèsonèl) Satelit Prensipal ~~and members working five (5) or more hours per day~~ ap anba obligasyon pou yo genyen e mentni yon Sètifikasyon Sekirite Manje [ADD] pou Jesyonè. **Anplwaye set èdtan yo ap anba obligasyon pou yo gen Sètifikasyon Sekirite Manje pou Jesyonè a oswa Sètifikasyon pou Manye Manje a. Si yon anplwaye anboche san yon sètifikasyon, anplwaye a ap gen sis (6) semèn apati lè l te kòmanse a pou l obteni yon Sètifikasyon Sekirite Manje pou Jesyonè, oswa yon Sètifikasyon pou Manye Manje. Anplwaye sila yo ki pa kapab obteni yon sètifikasyon, n ap swa revoke yo oswa desann yo grad.**

Pou Ekip Negosyasyon AFSCME a :

Bill Chiasson, Kowòdinatè Metro

Heidi Rivera, Vis-Prezidan

Dale Feeney, Prezidan

Pou Ekip Negosyasyon Komite Skolè Boston an :

Deborah Ventricelli,
Asistan Direktis, Sèvis Manje ak Nitrisyon

Jeremiah Hasson,
Direktè, Relasyon Travay

Mary Skipper,
Sipèentandan